

## GID POU PARAN YO POU LANG AK LITERATI ANGLÈ KLAS 9-12YÈM ANE

### Preparasyon Timoun Florida Pou yo Gen Yon Bèl Avni



Tout timoun Florida merite diplome nan lekòl segondè avèk konesans ak ladrès yo bezwen pou yo reyisi nan kolèj, nan karyè yo chwazi ak nan lavi yo. Nan anpil ane ki sot pase yo, Florida te fè gwo pwogrès akademik. Men, nou konnen mache travay jodi a egzije elèv diplome nou yo pou yo gen pi bon panse kritik, pi bon ladrès pou yo rezoud pwoblèm ak pi bon ladrès pou yo kominike pase anvan. Prensip siperyè ki ankouraje ak motive elèv nou yo enpòtan.

Pou satisfè bezwen sa a, dirijan edikasyon nan eta Florida te amelyore prensip pou matyè akademik nou yo, pou yo kreye nouvo egzijans pou sa elèv yo bezwen konnen ak kapab fè. Prensip Florida yo la pou asire TOUT elèv yo reyalize pi gwo potansyèl yo—kèlkeswa sa chemen an ka ye.

Preparasyon pitit ou pou li reyisi kòmanse nan klas matènèl epi li kontinye pandan pitit ou ap vanse nan chak klas. Sid sa a ap sipòte paran ak fanmi ki gen timoun ki nan **klas 9-12yèm ane**. Pou fè sa, gid la ap ede ou:

- **Aprann** Prensip Florida yo ak rezon ki fè yo enpòtan pou pitit ou.
- **Pale** aprann nan salklas la.
- **Sipòte** aprantisaj pitit ou nan fason pratik lakay ou.

### APRANN PRENSIP YO

Elèv Florida yo ap kontinye pratike anpil menm bagay yo te aprann nan klas 9-12yèm ane—ansanm avèk kèk ladrès siplemantè enpòtan. Elèv **klas 9-12yèm ane** yo ap aprann kalite leson sa yo:

- Site prèv ki solid ak pwofon avèk tèks pou sipòte analize sa tèks la di yon fason fòmèl ak konklizyon ki fèt nan tèks la.
- fason pou òganize tèks, òdone evènman yo nan liv la epi manipile tan, kreye efè tankou mistè, tansyon ak sipriz.
- Ajoute epi evalye anpil sous enfòmasyon ki prezante nan diferan medya oswa fòma, epitou nan mo pou kapab poze yon kesyon oswa pou rezoud yon pwoblèm.
- Evalye pwendvi, rezònman ak itilizasyon prèv ak retorik yon oratè, evalye pozisyon, ipotèz, koneksyon pami lide yo, chwa mo, pwen konsantrasyon ak ton ki itilize a.



Chak timoun devlope nan ritm pa li. Aktivite ki nan gid sa a se gid ki rekòmande pou laj espesyal pou lespri jèn timoun k ap grandi.



Telechaje Prensip Florida pou Lang ak Literati Anglè pou Klas 9-12yèm Ane sou sitwèb [www.flstandards.org](http://www.flstandards.org)

#FLStandards  
Antre nan konvèsasyon an



## PALE AVÈK PWOFESÈ PITIT OU



Nan lekòl segondè, tout elèv yo sou wout pou yo vin endepandan. Men, paran yo ta dwe kontinye enfluyans ak defann adolesan yo. Toujou patisipe nan aktivite lekòl yo ak nan aktivite ki pa nan pwogram akademik lan. Prezans ak atidid ou pou sipòte elèv ou ap toujou kore konfyans ak kompetans li. Anvizaje patisipe nan rankont pwofesè ansanm avèk elèv ou. Mande chak pwofesè kijan kou li prepare elèv ou pou pwochen etap yo.

- Ki koneksyon kou a fè pou chwa kolèj ak karyè pidevan? Nan ki matyè elèv ou gen talan epi ta ka espesyalize li?
- Ki konsèy pwofesè a gen pou siksè elèv ou pidevan?

Asire ou rankontre konseye elèv ou epi kontakte li souvan, epitou patisipe nan nenpòt aktivite espesyal lekòl la òganize konsènan planifikasyon pou gradyasyon ak apre.

## SIPÒTE APRANTISAJ LA LAKAY OU

Ou kapab ankouraje pitit ou aprann lang ak literati anglè lakay ou nan fason ki amizan pou ou ak pitit ou. Eseye lide sa yo apre lekòl, nan jou wikenn epi pandan vakans lete.



Ankouraje elèv ou pou patisipe nan “Celebrate Literacy Week, Florida!” (Selebri Semèn Alfabetizasyon, Florida!) [www.justreadflorida.com/literacyweek.asp](http://www.justreadflorida.com/literacyweek.asp).



Li kèk powèm. Elèv ou kapab kreye epi soumèt powèm pa li epitou li kapab di sa li panse lè patisipe nan “klakman” sou sitwèb [www.powerpoetry.org/](http://www.powerpoetry.org/).



Prepare epi fè yon sware deba fanmi an. Entwodui prensip rezonman nan diskisyon ki pi enfòmèl avèk adolesan ou.



Itilize resous gramè tankou Purdue University Online Writing Lab. [owl.english.purdue.edu/owl/section/1/5/](http://owl.english.purdue.edu/owl/section/1/5/).



Afiche yon mo semèn oswa mwa fanmi an, mete definisyon li ak yon egzanp sou fason mo a ta ka sèvi nan yon fraz. Fè yon pwèn pou aprann mo a epi itilize mo a nan konvèsasyon youn ak lòt, epitou itilize mo a nan konvèsasyon alekri.



Itilize “A+ Research and Writing,” yon gid etap-pa-etap pou chèche ak ekri yon atik sou sitwèb [www.ipl.org/div/aplus/](http://www.ipl.org/div/aplus/).



Ale nan sinema oswa gade videyo antan yon fanmi. Ankouraje elèv ou pou li liv film yo baze sou yo. Pale sou resanblans yo ak diferans yo.



Ankouraje pitit gason oswa pitit fi ou pou li pote li volontè kòm yon titè oswa konseye pou montre pi jèn timoun yon fason pou yo li.



Ankouraje elèv ou pou li itilize yon planifikatè tradisyonèl oswa yon almanak dijital pou swiv aktivite chak jou yo ak devwa lekòl la.



Mete yon jounal, ki enprime oswa ki dijital, disponib pou elèv ou chak jou. Ankouraje elèv ou pou li jounal la. Pale sou diferan estil redaksyon.

Pale avèk pwofesè pitit ou avèk direktè lekòl li pou ou aprann pi gwo lide pou sipòte aprantisaj li lakay ou.  
**Telechaje Prensip Florida pou Lang ak Literati Anglè ak lòt resous pou paran yo sou sitwèb [www.flstandards.org](http://www.flstandards.org)**

Ou gen kesyon? Kontakte [JustforParents@fldoe.org](mailto:JustforParents@fldoe.org)